Мыбдежым хьэщIэхэм къагурыIуащ щыуагъэкIэ къызэрымыкIуар. Мырат къалъыхъуэр, хуамыгъэфащэу иджыри къэс гугъу ехьа щхьэкIэ.

— Сыту дыщхьэдыкъ дэ, — жиIащ Забитхъан, адрейм зыхугъаазэри. — Занщ1эу щхьэ Анэ тхьэмыщкIэм и гур къызэригъэкIым хуэдэу, дунейри къегъэкIуу нэхуекIат. Пшэжьхэм я дамэ фIыщIэр щIым тралъафэрт. Уэшх ткIуэпс щIыIэхэр къызэпхидзырт...

* * *

Ди тхьэшхуэ, сыту гъэщIэгъуэн мы дунеижьырI Игъащ1эми аращ — уи гур зыщыщтэм уокIуэри натIэкIэ уIуоуэ. Лиуазэ сыт хуэдэу щыст ар, и гур къилъэтыным хуэдэу. къеуэу.

... А махуэм абы яшат Ошкэ мэкъумэш техникумым щеджэ Бориси. Абыи, Лиуазэ ещхьыркъабзэу, ищIэртэкъым щIашар. Ар ашIэс пэшым Чэбэхъани щIашэ. И теплъэм къигъэлъагъуэрт иджы нэмыщIкIи мыбы зэрыщыIар. Мы хъыджэбз гъурыжь цIыкIур, пэшхуэр Борис и гъунэгъут, Нукайт жыхуаIэ къуажэм тIури щыпсэурт. Ар ебланэм хэсу арат, ауэ и ныбжьэгъухэм нэхърэ нэхъыжь хуэдэу уIуплъэрт икIи нэхъ щхьэпэлъагэт. Мис иджыпсту, зыхишу, зигъэтIейуэ зэрызекIуэмкIи, и макъ къудеймкIи ар хъыджэбз цIыкIум нэхърэ балигъым нэхъ ещхьт. Чэбэхъан и гуапэ хъуакъым Борис зэрыIущIар. Сэлам ирихи иримыхи хуэдэу зыгуэру зищIри, и щIыб къигъэзащ. Борис гу лъитэххакъым абы зэрызищIахэм. ГуфIэжу бгъэдыхьэри и Iэр ишиящ сэлам ирихыну. Ауэ занщIэуи икIуэтыжащ, пщтыр бэлыхь гуэрым теIэбам хуэдэу. Борис къыфIэщIащ Чэбэхъан и нэшхуитIым мафIэр къыщIихыу. И нэр къихуу жьэхэплъэрт ар гъунэгъу хъыджэбзыжь цIыкIум, А сыхьэтым пэшым лIы гуп къыщIохьэ пхъашэу псалъэу. Борис гу лъитащ абыхэм Лиуази зэращIыгъур. Лиуазэрэ абырэ фIыуэ зэрыщIыхут. Аддэ, Кавказым щыщыIам, къуажэ зэгъунэгъуэхэм дэсат. Мы къыздэкIуами зы уэрам зэдытест. Лиуазэ фагъуэт, и напIэхэр къэпщат. Дауи, жэщым желтэкъым. Нэпс куэдми игъэжэщIат. Борис къыцилъагъум, зэпщIэхидзэри, зыхуэмыубыдыжу къэгъащ.

— Умыгъ, щыгъэт... сыт къыпщыщIар?.. — жиIэрт Борис, абы и щхьэфэм Iэ дилъэурэ. Щlалэм къыгурыIуэртэкъым къэхъуар зищIысыр тэмэму, ауэ Лиуазэ бэлыхь гуэр зэрыхэхуар гурыIуэгъуэт. Ар къэзышахэр стIол кIыхьым, тепхъуэ удзыфэ зытелъым етIысылIащ. Псом япэу абыхэм Лиуазэ Борис къыбгъэдэхащ. Иджы Лиуазэрэ Чэбэхъанрэ плIанэпэ зырызым дэтт, Борис абыхэм я зэхуакум щыIэт.

— Уэ нобэ зы псалъэ дэмыхуу къыджепIэжынщ мы тIум жаIэр, — зыхуигъэзащ стIолым пэрысхэм щыщ зым Борис. — Зы псалъэ думыгъэхуу, къыбгурыIуа?

Ар офицер къуэгъу гуэрт, нэгу зэIуауэ, и щхьэри фэкIуу икIауэ. И нэжьитI кърегъэтIэтIми гущIэгъу лъэпкъ щIэплъагъуэртэкъым. «Лыукl жыхуаIэр мыракъэ, нэсри къигъэзажауэ!» — егупсысащ Борис.

Борис къыжраIащ мо тIум я жьэм къыжьэдэкIыр зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми, зыгуэркIэ зэхъэкIауэ жаIэжмэ, жэуап ткIий хабзэкIэ зэрихьынур, абыкIи Iэ трырагъэдзащ. Здэщытам увыжыну щыкIуэм, ар Лиуазэ Iуплъащ. Занщ1эуи я гум зыгъэхуишащ. Абы игу къэкIыжащ «Вождь Иным» и унафэкIэ балъкъэрхэр къыщрашэжьа махуэр, щалъхуа я лъахэр, бгыхэр къыщызэранэкIар. Борис и адэр, бгырыс лIыр, Шэрадж Iуфэ Iулъ мывэжьым бгъэгукIэ тегъуалъхьэщ, зишийри, къуршыпс щIыIэм Iэфlу хэфауэ щытащ. «Гъы, утх уи ткIуэпс-нэпсхэр, — жиIэрт абы, Шэрэджыжь и толъкъун цIыкIухэр зэрызэтеутIкIэпцIыкIым еплъурэ. — Къэхэплъэж уи бын пкIэщIачхэм». Хьэуэ, а махуэр Борис и гъащIэ псокIэ щыгъупщэнкъым, Мо офицер лъагъугъуеижьым и псалъэр аргуэру и тхьэкIумэм къакIуэри кънувэжащ псэхутъуэ къримыту: «... зы псалъэ думыгъэхуу...»

— Мыдэ къэдаIуэ иджы... псори, псори зэрыщыта дыдэм хуэдэу къыджеIэжыт зыри думыгъэхуу... уи тхьэкIумэм зэрыээхиха дыдэм хуэдэу, къыбгурыIуа?!— жиIащ офицерым, Чэбэхъан зыхуигъазэри.

Хъыджэбзыжь цIыкIур тэкIу къыхэпсчыкIащ, и щхьэр пагагъ хэлъ хуэдэу дрихьеящ, итIанэ щытхэм и нэр зелъатэу къахэплъэри къригъэжьащ:

— Дэ псоми фIыуэ тлъагъу ди вождь лъапIэр, ди нэм, ди псэм пэтщIыр, Сталину ди дыщэ дыгъэр дунейм щехыжа махуэм, псэ хьэлэл зиIэу мы ди къэралышхуэм ис псори цIыкIуи ини кIэнэщымыIэу дыщыгуэм, Советскэ властым и бийхэр, дэ дыкъэзылъагъу мыхъу ди бийжьхэр, а къыттепсыха гуауэщхуэм, шэч хэмылъу, щыгуфIыкIырт. Дэ зэи тщыгъупщэжынкъым а махуэр, бдзапцIэм хуэдэу, хьэлъэу щыта а махуэ фIыщIэр... Iуэхур фIыуэ псомкI тлъагъу, цIыху мелуан бжыгъэ куэдым я нэ — я псэ лъапIэм и деж щыпсэкIэ... — Чэбэхъан аргуэру зэ щытхэр зэпеплъыхь, Лиуазэ и дежкIэ и щхьэр ещIри, еджакIуэр урокым щIэсу щыуа нэужь зэрищI хабзэм хуэдэу, и псалъэхэм къытригъэзэжу пещэ адэкIэ.—Вождь лъапIэм и деж Iуэхур щынэсакIэ, сэ зы щхьэкIи сыкъэувыIэнукъым, псори жысIэнущ...

— НтIэ, нтIэ, жыпIэнущ псори зэрыщыта дыдэм хуэдэу, жумыIэу хъунукъым! — къопсалъэ стIолым пэрысхэм щыщ зы. — ИIэ, жыIэ, зыри думыгъэху.

— НтIэ, мис а махуэ хьэлъэу ди щхьэр зыми къыщытхуэмыIэтым мыбдежым щыт мы блащхъуэжь цIыкIур (Чэбэхъан и щхьэр Лиуазэ и дежкIэ ещI) мы IейI зы гуфIэкIэ иIэу гуфIэрти, дунеишхуэр хуракъуртэкъым. Мыр сэ фIыуэ соцIыху куэд щIауэ. Кавказым къыщалъхуащ, иджы мыбы щопсэу. НтIэ, мис мыбы а махуэ хьэлъэм, гуауэшхуэм псоми ди гущIэр къыщрилыпщIыкIым, мыпхуэдэу къызжеIэ сэ къызогъэдохьэри: «Алыхьым и шыкуркIэ, щыIэжкъым, лIащ а пащIэ лейзёхъэжьыр. Иджы дэ псори Кавказым дыкIуэжыну хуит дащIынущ! ДехъулIащ, Сталиныр лIащ!»

Сэ си напэр мэс мы нэжэсым дэрэ зы жылэм дыкъызэрыщалъхуа, иджыри зы кIалэм дызэрыщыпсэу къудейм щхьэкIэ... абыи и закъуэкъым, мыбы дэрэ зы классми школми дыщызэдоджэ!

Борис и жагъуащэ хъуарэ зэIыназэIыкIыу урысыбзэкIэ жеIэж Чэбэхъан къыкIэдэкIа псори. Ар цIыплъ къэхъуат, пщIэнтэкъым хъы-

(КIэухыр 4-нэ напэм).

ШАВАЕВ Хьэсэн

НЫБЖЬ ФIЫЩIЭХЭР

Рассказ

— Армэм,... зауэм Iутщ.

Хьэщ1эхэр зоплъыж, зыри къагурымыIуэу. Сыт зауэ? Мащ1э щ1а ар зэриухрэ!

— Пэжщ, пэж дыдэщ. си адэр зауэм щыIэщ! — жеIэ Лиуазэ, мобыхэм ар я фIэщ зэрымыхъум гу лъитауэ. — Куэд щIащ зэрыдашрэ.

Зыр ину мэдыхьэшх, хъыджэбз цIыкIум жьэхэплъыхьу. Ауэ и гъусэ нэхъыжьым и нэгум йоплъэри, занщIэу щегъэтыж.

— ПщIэ зыхуэсщI си хьэщIэ лъапIэхэ, сэ къызгурыIуэркъым мы хъыджэбз цIыкIум жиIам фэ дыхьэшхэну хэфлъагъуэр, — къопсалъэ Iэнкуну Забитхъан. — Абы жиIэм пщIы лъэпкъ хэлъкъым, и адэр зауэм дашри къигъэзажакъым. Нэгъуэщ1 дэ зыри хэтщIыкIыркъым абы и Iуэхум. Ауэ фэ зыгуэр хэфщIыкIыу арамэ, тхьэм щхьэкIэ, къыджефIэ, дывмыгъэгузавэу...

— Хьэуэ, хьэуэ, ди шыпхъу, хэтщIыкIыркъым зыри... дэ мыбы щыуагъэкIэ дыкъэкIуауэ къыщIэкIынущ, — щабэу жеIэ нэхъыщхьэм. — Дэ дызыхуейр Лиуазэщ. Чорттаев Аскэрбий ипхъу Лиуазэ.

— Ар езыр сэращI — гуфIэу къокIий хъыджэбз цIыкIур. Абы и нэр мэлыдзы нэсыш гуэрым хэкIыжынкIэ шынэу. Зэм и анэм, зэми мо къэкIуахэм йоплъ.

Къыщ1ыхьахэри зэплъыжащ. Зыри къагурыIуэркъым. ТIэкIурэ утыкум щIыумэмэжщ, къытхуэвгъэгъу, жыхуаIэ щIыкIэу пыгуфIыкIри, бжэмкIэ ягъэзащ щIэкIынкIынкIу. Лиуазэ гъыным хуэдэт. Забитхъан щIэкIыжхэм зэкIэлъеда.

— Ар дауэ хъун, — жиIэрт абы, — си ерыскъы фIумыхуэу фыщIэкIыжу, ар дауэ хъун!

— Тхьэразэ къыфхухъу. Дэ зэман диIэкъым зыдгъэгувэну, фIыкIэ фышх фи ерыскъыри, — жеIэ нэхъыщхьэм. — Дэ Чорттаев Аскэрбий ипхъу Лиуазэ къыдолъхьэу.

— Азалыхь дыщэ, сэ апхуэдэ нэгъуэщI щыIэу сымыщIэ мы си хъыджэбз цIыкIу закъуэм фIэкIа?

— Хэт уэ зи гугъу пщIыр?

— Мыр-на, мы сэ си хъыджэбз цIыкIур, — Забитхъан и Iэпэр еший ипхъум дежкIэ.

Къэкlуахэр аргуэру зэплъыжри, я нэр къиIыщхъукIащ.

— Еданщанэ класс уэ ущеджэр? — ихьашэу щIэупщIащ нэхъыщхьэр, Лиуазэ гъунэгъу зыхуищIурэ.

— Сэри? Ебланэм. Къызэрызухыу лэжьапIэ сыувынущ, ди мамэ сыдэIэпыкъунущ.

— Кавказым укIуэжыну ухуей?

— Ехьемн сыхуей... сыхуей кудейуэ кьэнэжьыркъым, си хъуэпсапIэщ, — хъыджэбз цIыкIур гуфIащэри дэлъэящ.

— Мамэ, зэхэпхрэ мыбы жиIэр, бжесIакъэ дэ иджы Хэкужьым дыкIуэжыну хуит дызэращIынур, — и Iупэхэр зэтехьэжьыртэкъым абы. — Сэ къэхъунур сощIэ, мамэ, пэжкъэ?

Мыбдежым хьэщIэхэм къагурыIуащ щыуагъэкIэ къызэрымыкIуар. Мырат къалъыхъуэр, хуамыгъэфащэу иджыри къэс гугъу ехьа щхьэкIэ.

— Сыту дыщхьэдыкъ дэ, — жиIащ Забитхъан, адрейм зыхугъаазэри. — Занщ1эу щхьэ гу лъыдмытарэ дэ къэтлъыхъуэр зэрымырар?! И псэлъэкIэ къудеймкIэ уощIэ.

ИтIанэ Лиуазэ зыхуагъазэри, ткIийуэ жаIащ:

— Уэ Iейм зыгъэхьэзыр, ди гъусэу унэкIуэнущ!

— Ди тхьэшхуэ, дэнэ мыр здэфщэнур? — гужьеяуэ къэкIиящ анэр, и хъыджэбз цIыкIур зэрикъуэлIэурэ.

— Дэ уи пхъур Кавказым дгъэкIуэжынущ. Езыми и нэр къыхуокI абы.

— Сыт-тIэ, абы щIизакъуэр?

— Апхуэдэу щытын хуейщ.

— Хьэуэ, хьэуэ, хъункIэ мы дунейм зы Iэмал закъуэ щыIэкъым. Фи гъусэу жащ ныкъуэм сабийр нэзутIыпщыфынукъым... икIи хъыджэбз цIыкIуу... сэри сынэкIуэнущ абы щIыгъуу!

— Дэ уэ нужькIэ дыноджэнщ, пхуей дыхъумэ.

— Сыту сынасыпышэ мыгъуэ сэ! — къэкIиящ Забитхъан. — Сыт мы дунейгъэм гугъапIэу щызиIэ закъуэр щIыстефхыр? Фыкъызэуи сывукI абы щыгъуэм!

Абы жиIэр зыми и тхьэкIумэ ихьэртэкъым. Забитхъан жащ кIыфIым и закъуэу къыхонэ. УнкIыфIат абы и нэм и нэхур.

щышынэрэт кIыфIым! Дунейм теттэкъым пшапэр зэхэуауэ ар унэм зэрыпхущIэкIын. Щхьэгъубжэм къыдэплъа къудеймэ, шейтIан ужьыпкъэ гуэрхэр кIыфIым щызеуэ хуэдэу къыфIэщIырти, и щхьэфэцым зиIэтырт. КъыфIэщIырт а къомыр мы унэм и деж къыщIыщызэхуэсар Iэмал гуэр кIагъуэту къыщIыхьэу, езы Лиуазэ яшхыну арауэ. Ауэ иджы, нэхуи хуэси здэщымыIэ мы пэш кIыфIыжьым къыщыщIадзам, Лиуазэ анхуэдэу шынэр зыхищIэжыртэкъым. Ар мыбы къашэри къыщIадзат я унэ къыщIэзыша лIы шынагъуэжьитIым. Зи анэм къыщIачу Iуэ нэщIым ирадза щыпэу, хъыджэбз цIыкIум унэ кIыфIым зиукIыжу къыщижыхьащ, зэм блыпджабэ щIыIэжьым, зэми бжэжь къызэрыщIаутIыпыщхьам жьэхэхуэу. Нужькlэ, зыри къызэримыкIынур къыгурыIуэри, увыIэжащ.

— Умышынэ, си хъыджэбз цIыкIу, — къызэхихащ абы хуэму, дэгуу зыгуэрым и макъ щэху. — Уи гур гъэбылэ.

Хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIум гупщIэуэ иржыным бетэмалщ иIэжар. Мыбзуэжыфу къэнат. Гъущ1 бжэ щIыIэжьым зрикъуэлIауэ

кум щIыIэт.

— Уэ нобэ зы псалъэ дэмыхуу къыджепIэжынщ мы тIум жаIэр, — зыхуигъэзащ стIолым пэрысхэм щыщ зым Борис. — Зы псалъэ думыгъэхуу, къыбгурыIуа?

Ар офицер къуэгъу гуэрт, нэгу зэIуауэ, и щхьэри фэкIуу икIауэ. И нэжьитI къригъэтIэтIми гущIэгъу лъэпкъ щIэплъагъуэртэкъым. «Лыукl жыхуаIэр мыракъэ, нэсри къигъэзажауэ!» — егупсысащ Борис.

Борис къыжраIащ мо тIум я жьэм къыжьэдэкIыр зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми, зыгуэркIэ зэхъэкIауэ жаIэжмэ, жэуап ткIий хабзэкIэ зэрихьынур, абыкIи Iэ трырагъэдзащ. Здэщытам увыжыну щыкIуэм, ар Лиуазэ Iуплъащ. Занщ1эуи я гум зыгъэхуишащ. Абы игу къэкIыжащ «Вождь Иным» и унафэкIэ балъкъэрхэр къыщрашэжьа махуэр, щалъхуа я лъахэр, бгыхэр къыщызэранэкIар. Борис и адэр, бгырыс лIыр, Шэрадж Iуфэ Iулъ мывэжьым бгъэгукIэ тегъуалъхьэщ, зишийри, къуршыпс щIыIэм Iэфlу хэфауэ щытащ. «Гъы, утх уи ткIуэпс-нэпсхэр, — жиIэрт абы, Шэрэджыжь и толъкъун цIыкIухэр зэрызэтеутIкIэпцIыкIым еплъурэ. — Къэхэплъэж уи бын пкIэщIачхэм». Хьэуэ, а махуэр Борис и гъащIэ псокIэ щыгъупщэнкъым, Мо офицер лъагъугъуеижьым и псалъэр аргуэру и тхьэкIумэм къакIуэри кънувэжащ псэхутъуэ къримыту: «... зы псалъэ думыгъэхуу...»

— Мыдэ къэдаIуэ иджы... псори, псори зэрыщыта дыдэм хуэдэу къыджеIэжыт зыри думыгъэхуу... уи тхьэкIумэм зэрыээхиха дыдэм хуэдэу, къыбгурыIуа?!— жиIащ офицерым, Чэбэхъан зыхуигъазэри.

Хъыджэбзыжь цIыкIур тэкIу къыхэпсчыкIащ, и щхьэр пагагъ хэлъ хуэдэу дрихьеящ, итIанэ щытхэм и нэр зелъатэу къахэплъэри къригъэжьащ:

— Дэ псоми фIыуэ тлъагъу ди вождь лъапIэр, ди нэм, ди псэм пэтщIыр, Сталину ди дыщэ дыгъэр дунейм щехыжа махуэм, псэ хьэлэл зиIэу мы ди къэралышхуэм ис псори цIыкIуи ини кIэнэщымыIэу дыщыгуэм, Советскэ властым и бийхэр, дэ дыкъэзылъагъу мыхъу ди бийжьхэр, а къыттепсыха гуауэщхуэм, шэч хэмылъу, щыгуфIыкIырт. Дэ зэи тщыгъупщэжынкъым а махуэр, бдзапцIэм хуэдэу, хьэлъэу щыта а махуэ фIыщIэр... Iуэхур фIыуэ псомкI тлъагъу, цIыху мелуан бжыгъэ куэдым я нэ — я псэ лъапIэм и деж щыпсэкIэ... — Чэбэхъан аргуэру зэ щытхэр зэпеплъыхь, Лиуазэ и дежкIэ и щхьэр ещIри, еджакIуэр урокым щIэсу щыуа нэужь зэрищI хабзэм хуэдэу, и псалъэхэм къытригъэзэжу пещэ адэкIэ.—Вождь лъапIэм и деж Iуэхур щынэсакIэ, сэ зы щхьэкIи сыкъэувыIэнукъым, псори жысIэнущ...

— НтIэ, нтIэ, жыпIэнущ псори зэрыщыта дыдэм хуэдэу, жумыIэу хъунукъым! — къопсалъэ стIолым пэрысхэм щыщ зым. — ИIэ, жыIэ, зыри думыгъэху.

— НтIэ, мис а махуэ хьэлъэу ди щхьэр зыми къыщытхуэмыIэтым мыбдежым щыт мы блащхъуэжь цIыкIур (Чэбэхъан и щхьэр Лиуазэ и дежкIэ ещI) мы IейI зы гуфIэкIэ иIэу гуфIэрти, дунеишхуэр хуракъуртэкъым. Мыр сэ фIыуэ соцIыху куэд щIауэ. Кавказым къыщалъхуащ, иджы мыбы щопсэу. НтIэ, мис мыбы а махуэ хьэлъэм, гуауэшхуэм псоми ди гущIэр къыщрилыпщIыкIым, мыпхуэдэу къызжеIэ сэ къызогъэдохьэри: «Алыхьым и шыкуркIэ, щыIэжкъым, лIащ а пащIэ лейзёхъэжьыр. Иджы дэ псори Кавказым дыкIуэжыну хуит дащIынущ! ДехъулIащ, Сталиныр лIащ!»

Сэ си напэр мэс мы нэжэсым дэрэ зы жылэм дыкъызэрыщалъхуа, иджыри зы кIалэм дызэрыщыпсэу къудеймкIэ щхьэкIэ... абыи и закъуэкъым, мыбы дэрэ зы классми школми дыщызэдоджэ!

Борис и жагъуащэ хъуарэ зэIыназэIыкIыу урысыбзэкIэ жеIэж Чэбэхъан къыкIэдэкIа псори. Ар цIыплъ къэхъуат, пщIэнтэкъым хъы-

Къэбэрдей драмтеатрыр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу

ГУФIЭГЪУЭКIЭ КЪЫЗЭIУАХАЩ

1940 гъэм къэбэрдей, балъкъэр щIалэгъуалэ 60-м нэсым Москва дэт театральнэ институтым актер щагъэхъазыр, атIэ «Ленин гъуэгум» и литературно-художественнэ гуэдзэщ. Ар дунейм къытехьэныр къыхэкIащ лъэпкъ литературэм, искусствэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэм, «Ленин гъуэгум» и напэкIуэцIхэм щыщу а Iуэхугъуэхэм яхухих Iыхьэр къемэщIкI зэрыхъуам.

«Адыгэ псалъэ» гуэдзэныр «Ленин гъуэгум» щыщи. Ауэ ар ягъэхьазыр редакцэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ щIэту а газетым къыщыззрагъэпэща общественнэ редакцэм. Абы хэтщ тхакIуэхэр, журналистхэр, щIэныгъэм, искусствэм я лэжьакIуэхэр.

Унэм ар къебгъэхьынумэ, газетхэм Iэ зэрытрадзэ хабзэм тету, «Ленин гъуэгум» Iэ тебдзэн хуейуэ аркъудейщ. Абы и уасэр газетым и уэсэм хэтщ. «Адыгэ псалъэ», мазэ къэс зэ къыдокIри, къыфIэрымыхьэмэ, «Союзпечатым» и Iуэхущ1апIэхэм, пощтэхьэхэм я деж фыщыщIэупщIэ. Сыту жыпIэмэ, ар щхьэхуэу ящэну, ятыну хуиткъым.

Зы мазэкIэ загъэпсэху нэужь, 1940 гъэм августым и 20-м, къэбэрдей, балъкъэр гупхэм я актерхэр, режиссерхэр, художникхэр зэхуэсыжащ театрыр къызэрызIуахыным ыхуагъэхьэзырыну.

Театрыщ1эм и коллективхэм я япэ гуфIэгъуэ зэIущIэм къыщыпсэльащ МХАТ-м и актер гъэзэджэ, театральнэ институтым и егъэджакIуэ, профессор, СССР-м и народнэ артист Тарханов М. Ар зэхуэсахэм гуапэу екъухэхъуащ икIи къыхуриджащ къызэIуах театрым и пщIэр, и щIыхьыр къызэрагъэтыным, я творчествэр зэрарагъэфIэкIуэным, щIыхубэм я гум нэсын образхэр зэрагъэлъагъуэным. Абы и хъуэхъу псалъэхэр зэIущIэм хэтахэм Iэгуауэкlэ далыIащ. Ахэр августым и 21-м къыщыщIэдзауэ мази 2-кIэ елэжьащ театрыр къызэрызIуахыну спектаклхэр зэрагъэхьазырыным: къэбэрдей гупым — «Фигаро и фызышэ». «Талант зиIэхэмрэ абыхэм пщIэ хуэзыщIхэмрэ». «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ», балъкъэр гупым — «Фуэнте Овехуна», «Скапен зэхищIыхьхэр», «Бронепоезд 14-69».

Ленинным и лъэпкъ политикэр Коммунистическэ партымрэ Советскэ правительствэмрэ зэрагъэзащIэм и фIыщIэкIэ, къэбэрдей, балъкъэр народхэм я профессионально театральнэ искусствэ яIэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр театрыщIэр къыщызIуахымрэ Октябрьскэ социалистическэ революцэр зэрытекIуэрэ илъэс 23-рэ зэрыхъур щагъэлъапIэ махуэмрэ зэрызэтехуам абы и пщIэр, и щIыхьыр нэхъри лъагэу къаIэтат.

1940 гъэм октябрым и 26-м (щэбэт пщыхьэщхьэм) ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Совнаркомым я лэжьакIуэхэр. Налшык къалэм и общественнэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, фабрикэхэм, заводхэм щылажьэ рабочэхэр, къуажэ гъунэгъуэхэм дэс гуащIэрыпсэухэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, культурэр, искусствэр фIыуэ зылъагъуэр щызэхуэсащ драмтеатрым и унэм (ар дэтащ И. Армэнд уэрамым).

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совнаркомым Искусствэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI Битокъуэ Мухьтар театрым и залым щIэсхэм захуегъазэ:

— Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Инкъуклэ дригуфIэу, дригушхуэу дэ ныщхьэбэ къызэIудох Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театрыщIэ! Ныщхьэбэ щыщIэдзауэ дэ иджы дыIэ хъуащ ди лъэпкъ профессиональнэ театрыщIэ!

А псалъэ гуапэхэми я жэуапу залым щIэсхэм Iэгуауэшхуэ къаIэтащ.

Октябрым и 26-м къызэIуихащ испан драматург щIэрыIуэ Лопе де Вегэ итха «Фуэнте Овехуна» народ драмэм къытращIыкIа спектаклымкIэ. Етlуанэ пщыхьэщхьэм, октябрым и 27-м, къэбэрдей гупым игъэлъэгъуащ француз драматург Бомарше и комедие «Фигаро и фызышэ» спектаклыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр театрыщIэм теухуауэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым (1940 гъ. октябрым и 29-м) редакцэм къыбгъэдэкIыу мыпхуэдэу итхыгъаш: «Октябрым и 26 пщыхьэщхьэм ди республикэм и культурэр езыгъэфIэкIуэн IуэхугъуэфIыр яублащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театр къызэIуахащ». Статьям адэкIэ къеIуатэ гуфIэгъуэ зэIущIэр зэрекIуэкIар, балъкъэр актер ныбжьыщIэхэм ехъулIэныгъэмхуэ яIэу «Фуэнте Овехуна» спектаклыр зэрагъэлъэгъуар: Кучмезовэ Ш. (Лаурессия), Кудаев А. (Командор), Атаев М. (Эстиван) икIи адрей актерхэми пщымыгъупщэжыну уи гум кIинэ образхэр зэращIар.

Октябрым и 27-м къэбэрдей гупым игъэлъэгъуа «Фигаро и фызышэ» спектаклым теухуа статьям хэтщ: «ЕтIуанэ спектаклми лэжьыгъэшхуэ, лэжьыгъэфI зэрырахьэлIар нэрылъагъу кIощIащ. Зи пщIэр мыкIуэдыжын комедиер — «Фигаро и фызышэр» ди театрыщIэм щIащ адыгэ артистхэр фIыдыдэу зэрырагъэджар, зи творчествэр дяпэкIи нэхъри еаыгъэфIэкIуэфыну, талантышхуэ зыбгъэдэлъ актер ныбжьыщIэхэр абы зэрилэр.

Щхьэлыкуэ чырбыш заводым и клубым «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» спектаклыр октябрым и 28-м щагъэлъэгъуащ. Хуабжу яфIэгъэщIэгъуэну рабочэхэр, къуажэдэсхэр спектаклым еплъащ. Япэ зылъэгъуахэм ар я гум зэрырихьам коллективым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Спектаклым къехъулIахэмрэ абы и щыщIэныгъэхэмрэ нэрылъагъу хуащ. Спектаклыр нэхъри зэрырагъэфIэкIуэным коллективыр махуи 2-кIэ елэжьащ Налшык щагъэлъэгъуэн инэкIэ.

Театрым и сценэм адрей спектаклхэри мыпхуэдэу зэкIэлъыкIуэу щекIуэкIащ: балъкъэр гупым и спектаклхэр «Скапен зэхищIыхьхэр», «Фуэнте Овехуна», «Бронепоезд 14-69», къэбэрдей гупым — «Талант зиIэхэмрэ абыхэм пщIэ хуэзыщIхэмрэ», «Фигаро и фызышэр», «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ».

«Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм хэт ролхэм я нэхъыбэр актери 2-м зэрыхьэращ икIи ахэр абыхэм спектаклхэм щагъэзэщIащ: Къащцобий и ролыр — Сонэ М., Къанымгъуэт С., Гуащэгъагъ — Балъкъэр К., Къалмыкъ Н., пщы Джэрий — Сонэ Б., Щхьэгъэпсо М., Кърым Хъан — Афэ Н., Ерчэн С., Iэсят — Сыбэч Б., Атэ С., Хъанымкъуэ — Шэрий А., Жыгун Т., джэгуакIуэ-усакIуэ Амыр — Ало Л., Къардэнгъуащ З., пщы Къетыкъуэ — Тхьазэплъыж А., пщылI щIалэ Заудин — Болэ М., Атэлыкъ Т., Къащцауэ — Мамрэш И., унэIут фызыжь Данэху — Ало Хь. сымэ.

«Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» театрым и сценэм япэ щагъэлъэгъуа пщыхьэщхьитIым (октябрым и 31-мрэ ноябрым и 2-мра) абы емылIа адыгэ куэд къэнауэ къыщIэкIынкъым къалэдэсхэмрэ Вольнэ Аулым щыпсэухэмрэ ящыщу. А спектаклыр зыльэгъуахэми зыри къахэкIакъым ар зи гум нэмыса, зи псэм дэмыхьа, абы иримыгуфIа.

А лъэхъэнэм ди культурэм, ди литературэм и пажэу диIа Елбэрд Хьэсэнрэ Щоджэнщыкlу Алийрэ «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» япэ еплъахэм яхэташ. Спектаклым теухуауэ абыхэм мыр жалауэ щыташ: «Япэ лъэпкъ профессиональнэ пьесэфI диIэ зэрыхъуар нышхьэбэ нарылъагъу хъуащ. Пьесэм къытращIыкIа спектаклъ гъуэзэджэм, актерхэм дагъэлъэгъуа образ телъыджэхэм ину дрогуфIэ, дропагэ. Ди фIэщ мэхъу ди мызакъуэу республикэм щыпсэу псори абы пригуфIэну. Пьесэр зыхэми, спектаклыр дэзыгъэлъэгъуахэми ди гуапэу докъуэхъу апхуэдэ пьесэ, спектакль гъуэзэджэхэр дагъэлъагъуу, я творчествэр ефIакIуэу дяпэкIи лэжьэну».

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театрыр къыщызIуаха япэ махуэхэм гупитIми ягъэлъэгъуа спектаклхэр кърихьэлIахэм ягу ирихьащ, псалъэ гуапэ, щытхъу куэд хужаIащ. Апхуэдэ театрыщIэ диIэ зэрыхъуам и мыхьэнэр ин дыдэт ди лъэпкъхэм я культурэм, я искусствэм лъагэу заIэтын папщIэ.

Ди творческэ ехъулIэныгъэшхуэхэр адыгэлъагъуэ лъэпкъ театр диIэ зэрыхъурэ мы гъэм илъэс 50 ирокIуэ. Ар ди щIыхуэм дежкIэ икIуэкIэ гуапэщ икIи гуфIэгъуэшхуэщ. ИкIи дэ нобэ тщыгъупщэн хуейкъым апхуэдэ театр диIэ хъунэр къытхуэзыхьар Октябрь революцэр зэрыарар.

МЫД Хьэжымусэ,
КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

ТхылъыщIэхэр

«НУР ХУАБЭ»

Изнаблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ Балэ Хьэзрэт-Алий и «Нур хуабэ» тхылъыр. Абы щыазхуэхьэсащ Балэм Хэкум, фIылъагъунигъэм, ди лъэхъэнэгъуэм я Iуэхущ1афэхэм, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ - зэхъуэныгъэм, нэгъуэщIхэми теухуа и усэхэр.

«Нур хуабэр» Балэ Хьэзрэт-Алий и япэ тхылъщ. Ар екIуу игъэщIэрэщIащ художник Алибеков Н. А.

Зи гугъу тщIы усэ тхылъыщIэр мыгувэу тыкуэнхэм щIалъхьэныщ.

«ЛЪЭТЕУВЭ»

Налшык къалэ тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ Шэрэдэн Мухьэдин и «Лъэтеувэ» тхылъыр. Абы щыазхуэхьэсащ Шэрэдэн Мухьэдин и усэ, поэмэ, балладэ, сатирэ, юморэскэ усэхэр.

Мухьэдин и усэхэр ящыщщ. Мыр хабзэщхуи зыдэлъ жылажьщ. Ноби ди къуажэ дэсщ куэд зыщIэж нэхъыжьыфIэхэр, гъащIэм гъуэгуанэфI щызэпызычэхэр, нэхъыщIэхэм я упчIэкIуэфIэхэр. Апхуэдэхэщ Лыхъ Хьэбас, Думэн Тlэиб, Хьэмыз Исмел, Багъ Хьэбас, Шэру Хьэлий, нэгъуэщIхэри.

Каменномостыр — Къармахъобэр нэбжьыщхуэ къызыхэнэжьащ. Адыгэ куэдым хэм ящыщщи. Мыр хабзэщхуи зыдэлъ жылажьщ. Ноби ди къуажэ дэсщ куэд зыщIэж нэхъыжьыфIэхэр, гъащIэм гъуэгуанэфI щызэпызычэхэр, нэхъыщIэхэм я упчIэкIуэфIэхэр. Апхуэдэхэщ Лыхъ Хьэбас, Думэн Тlэиб, Хьэмыз Исмел, Багъ Хьэбас, Шэру Хьэлий, нэгъуэщIхэри.

ХАБЗЭМ ЩАПЫКI

Зы мазэкIэ загъэпсэху нэужь, 1940 гъэм августым и 20-м, къэбэрдей, балъкъэр гупхэм я актерхэр, режиссерхэр, художникхэр зэхуэсыжащ театрыр къызэрызIуахыным ыхуагъэхьэзырыну.

ТеатрыщIэм и коллективхэм я япэ гуфIэгъуэ зэIущIэм къыщыпсэльащ МХАТ-м и актер гъэзэджэ, театральнэ институтым и егъэджакIуэ, профессор, СССР-м и народнэ артист Тарханов М. Ар зэхуэсахэм гуапэу екъухэхъуащ икIи къыхуриджащ къызэIуах театрым и пщIэр, и щIыхьыр къызэрагъэтыным, я творчествэр зэрарагъэфIэкIуэным, щIыхубэм я гум нэсын образхэр зэрагъэлъагъуэным. Абы и хъуэхъу псалъэхэр зэIущIэм хэтахэм Iэгуауэкlэ далыIащ. Ахэр августым и 21-м къыщыщIэдзауэ мази 2-кIэ елэжьащ театрыр къызэрызIуахыну спектаклхэр зэрагъэхьазырыным: къэбэрдей гупым — «Фигаро и фызышэ». «Талант зиIэхэмрэ абыхэм пщIэ хуэзыщIхэмрэ». «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ», балъкъэр гупым — «Фуэнте Овехуна», «Скапен зэхищIыхьхэр», «Бронепоезд 14-69».

Ленинным и лъэпкъ политикэр Коммунистическэ партымрэ Советскэ правительствэмрэ зэрагъэзащIэм и фIыщIэкIэ, къэбэрдей, балъкъэр народхэм я профессионально театральнэ искусствэ яIэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр театрыщIэр къыщызIуахымрэ Октябрьскэ социалистическэ революцэр зэрытекIуэрэ илъэс 23-рэ зэрыхъур щагъэлъапIэ махуэмрэ зэрызэтехуам абы и пщIэр, и щIыхьыр нэхъри лъагэу къаIэтат.

1940 гъэм октябрым и 26-м (щэбэт пщыхьэщхьэм) ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Совнаркомым я лэжьакIуэхэр. Налшык къалэм и общественнэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, фабрикэхэм, заводхэм щылажьэ рабочэхэр, къуажэ гъунэгъуэхэм дэс гуащIэрыпсэухэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, культурэр, искусствэр фIыуэ зылъагъуэр щызэхуэсащ драмтеатрым и унэм (ар дэтащ И. Армэнд уэрамым).

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совнаркомым Искусствэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI Битокъуэ Мухьтар театрым и залым щIэсхэм захуегъазэ:

— Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Инкъуклэ дригуфIэу, дригушхуэу дэ ныщхьэбэ къызэIудох Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театрыщIэ! Ныщхьэбэ щыщIэдзауэ дэ иджы дыIэ хъуащ ди лъэпкъ профессиональнэ театрыщIэ!

А псалъэ гуапэхэми я жэуапу залым щIэсхэм Iэгуауэшхуэ къаIэтащ.

Октябрым и 27-м къэбэрдей гупым игъэлъэгъуа «Фигаро и фызышэ» спектаклым теухуа статьям хэтщ: «ЕтIуанэ спектаклми лэжьыгъэшхуэ, лэжьыгъэфI зэрырахьэлIар нэрылъагъу кIощIащ. Зи пщIэр мыкIуэдыжын комедиер — «Фигаро и фызышэр» ди театрыщIэм щIащ адыгэ артистхэр фIыдыдэу зэрырагъэджар, зи творчествэр дяпэкIи нэхъри еаыгъэфIэкIуэфыну, талантышхуэ зыбгъэдэлъ актер ныбжьыщIэхэр абы зэрилэр.

Щхьэлыкуэ чырбыш заводым и клубым «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» спектаклыр октябрым и 28-м щагъэлъэгъуащ. Хуабжу яфIэгъэщIэгъуэну рабочэхэр, къуажэдэсхэр спектаклым еплъащ. Япэ зылъэгъуахэм ар я гум зэрырихьам коллективым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Спектаклым къехъулIахэмрэ абы и щыщIэныгъэхэмрэ нэрылъагъу хуащ. Спектаклыр нэхъри зэрырагъэфIэкIуэным коллективыр махуи 2-кIэ елэжьащ Налшык щагъэлъэгъуэн инэкIэ.

Театрым и сценэм адрей спектаклхэри мыпхуэдэу зэкIэлъыкIуэу щекIуэкIащ: балъкъэр гупым и спектаклхэр «Скапен зэхищIыхьхэр», «Фуэнте Овехуна», «Бронепоезд 14-69», къэбэрдей гупым — «Талант зиIэхэмрэ абыхэм пщIэ хуэзыщIхэмрэ», «Фигаро и фызышэр», «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ».

«Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм хэт ролхэм я нэхъыбэр актери 2-м зэрыхьэращ икIи ахэр абыхэм спектаклхэм щагъэзэщIащ: Къащцобий и ролыр — Сонэ М., Къанымгъуэт С., Гуащэгъагъ — Балъкъэр К., Къалмыкъ Н., пщы Джэрий — Сонэ Б., Щхьэгъэпсо М., Кърым Хъан — Афэ Н., Ерчэн С., Iэсят — Сыбэч Б., Атэ С., Хъанымкъуэ — Шэрий А., Жыгун Т., джэгуакIуэ-усакIуэ Амыр — Ало Л., Къардэнгъуащ З., пщы Къетыкъуэ — Тхьазэплъыж А., пщылI щIалэ Заудин — Болэ М., Атэлыкъ Т., Къащцауэ — Мамрэш И., унэIут фызыжь Данэху — Ало Хь. сымэ.

«Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» театрым и сценэм япэ щагъэлъэгъуа пщыхьэщхьитIым (октябрым и 31-мрэ ноябрым и 2-мра) абы емылIа адыгэ куэд къэнауэ къыщIэкIынкъым къалэдэсхэмрэ Вольнэ Аулым щыпсэухэмрэ ящыщу. А спектаклыр зыльэгъуахэми зыри къахэкIакъым ар зи гум нэмыса, зи псэм дэмыхьа, абы иримыгуфIа.

А лъэхъэнэм ди культурэм, ди литературэм и пажэу диIа Елбэрд Хьэсэнрэ Щоджэнщыкlу Алийрэ «Къащцобийрэ Гуащэгъагърэ» япэ еплъахэм яхэташ. Спектаклым теухуауэ абыхэм мыр жалауэ щыташ: «Япэ лъэпкъ профессиональнэ пьесэфI диIэ зэрыхъуар нышхьэбэ нарылъагъу хъуащ. Пьесэм къытращIыкIа спектаклъ гъуэзэджэм, актерхэм дагъэлъэгъуа образ телъыджэхэм ину дрогуфIэ, дропагэ. Ди фIэщ мэхъу ди мызакъуэу республикэм щыпсэу псори абы пригуфIэну. Пьесэр зыхэми, спектаклыр дэзыгъэлъэгъуахэми ди гуапэу докъуэхъу апхуэдэ пьесэ, спектакль гъуэзэджэхэр дагъэлъагъуу, я творчествэр ефIакIуэу дяпэкIи лэжьэну».

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драматическэ театрыр къыщызIуаха япэ махуэхэм гупитIми ягъэлъэгъуа спектаклхэр кърихьэлIахэм ягу ирихьащ, псалъэ гуапэ, щытхъу куэд хужаIащ. Апхуэдэ театрыщIэ диIэ зэрыхъуам и мыхьэнэр ин дыдэт ди лъэпкъхэм я культурэм, я искусствэм лъагэу заIэтын папщIэ.

Ди творческэ ехъулIэныгъэшхуэхэр адыгэлъагъуэ лъэпкъ театр диIэ зэрыхъурэ мы гъэм илъэс 50 ирокIуэ. Ар ди щIыхуэм дежкIэ икIуэкIэ гуапэщ икIи гуфIэгъуэшхуэщ. ИкIи дэ нобэ тщыгъупщэн хуейкъым апхуэдэ театр диIэ хъунэр къытхуэзыхьар Октябрь революцэр зэрыарар.

МЫД Хьэжымусэ,
КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

УПЩIЭ ЩIЭЩХЪУРКЪЫМ

ФЫКЪЫЗЭРЫПСЭЛЪЭНУ ТЕЛЕФОНЫР: 2-60-53

ДЭНЭ IЭ ЩЫТЕДДЗЭНУР?

Дэ нуэд щIауэ «Ленин гъуэгум» къытехуэ тхыгъэхэм тфIэфIу доджэ. Иджы «Адыгэ псалъэкIэ» еджэу нэгъуэщI зы газети къытпэщIэхуати, хуабжьу дигу ирихьащ. Абы щхьэхуэу Iэ теддзэ хъуну? ИтIанэ, «Ленин гъуэгум» и общественнэ редакцэм къыдигэкIыу итщ абы. Сыт ар знищIысыр?

БОЛЭТ З.,
Налшык къ.

«Адыгэ псалъэм» и япэ къыдэкIыгъуэм зэритащи, ар газет щхьэхуэхъуэкъым, атIэ «Ленин гъуэгум» и литературно-художественнэ гуэдзэщ. Ар дунейм къытехьэныр къыхэкIащ лъэпкъ литературэм, искусствэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэм, «Ленин гъуэгум» и напэкIуэцIхэм щыщу а Iуэхугъуэхэм яхухих Iыхьэр къемэщIкI зэрыхъуам.

«Адыгэ псалъэ» гуэдзэныр «Ленин гъуэгум» щыщи. Ауэ ар ягъэхьазыр редакцэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ щIэту а газетым къыщыззрагъэпэща общественнэ редакцэм. Абы хэтщ тхакIуэхэр, журналистхэр, щIэныгъэм, искусствэм я лэжьакIуэхэр.

Унэм ар къебгъэхьынумэ, газетхэм Iэ зэрытрадзэ хабзэм тету, «Ленин гъуэгум» Iэ тебдзэн хуейуэ аркъудейщ. Абы и уасэр газетым и уэсэм хэтщ. «Адыгэ псалъэ», мазэ къэс зэ къыдокIри, къыфIэрымыхьэмэ, «Союзпечатым» и Iуэхущ1апIэхэм, пощтэхьэхэм я деж фыщыщIэупщIэ. Сыту жыпIэмэ, ар щхьэхуэу ящэну, ятыну хуиткъым.

ТЕЛЕВИДЕНЭМ И ЛЭЖЬЫГЪЭМ НУЖЬРЕЙ ЗЭМАНЫМ ФЫЗ И ЛЪЭНЫКЪУЭКIЭ ГУ ЗЫЛЪОЗЫГЪАТЭ IУЭХУГЪУЭЩIЭХЭР МЫМАЩIЭУ КЪЫХЫХЫЗУ ХУЕЖЬАЩ.

Ди телевиденэм и лэжьыгъэм нужьрей зэманым фIыуэ и лъэныкъуэкIэ гу зылъозыгъатэ Iуэхугъуэщ1эхэр мымащIэу къыхыхызу хуежьащ. Мы тхьэмахуэм зэрылэжьэну программэр фIэгъуагъэхэти — нджыри къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым зэи къыщамыгъэлъэгъуа куэд ущрохьэлIэ абы. Щэбэт дызыхуэкIуэ, псалъэм папщIэ, сыхьэт 11-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 30 пщIондэ телевизионнэ лъэмыж жыхуаIэм хуэдэ екIуэкIынущ, Москва, Минск, Налшык, Архангельск къалэхэр зэпыщIауэ. Ар литературэм, искусствэм теухуащ. Республикэм и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, Щоджэнщыкlу Iэдэм, «Эльбрус» Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм и директор Гадиев Ибрэхьим, КъБАССР-м и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и председатель Тхьэгъэзит Зубер, тхакIуэхэу, журналистхэу нэгъуэщI куэдри хэтынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ макъамэм и «Бжьамий» ансамблым, Бекъул Леоннид зи унафэщIым фыщыгъуазэу къыщIэкIынщ, дауи. Централизованнэ телевиденэм и етIуанэ программэм абы и концертхэм сыхьэт ныкъуэ хухэнащ. Ди телевиденэм и тхьэмадэ Къуэдзокъуэ Хьасэн и сценарийкIэ ансамблым траха фильм-концертым а махуэ дыдэм сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 15-м щIидзэнущ. Абы хэтынущ «Бжьамийм» и артистхэу 20-м щIигъу.

Мы тхьэмахуэм, псом хуэмыдэжу, игъэгуфIэнущ ди телевизорептIэ ныбжьыщIэ цIыкIухэр — мультипликационнэ фильмитху адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ къагъэлъэгъуэнущ апрелым и 11-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 25-м щыщIэдзауэ. «Хъунщ1акIуэ», «Зоопаркыр зэрагъэпэщыж», «Кlадэ», «Шейтlан кIэ бацэжь цIыкIу», нэгъуэщI мультфильмхэу ягъэлъэгъуэнухэр зэрадзэкIащ Къуэдзокъуэ Хьасэнрэ Жылэтеж Сэлэдинрэ. А фильмхэм цIыкIумэ инми фIыуэ яцIыху ди артистхэу Къаздэхъу Сулътlан, Жьакlэмыхъу Юлиэ, Хьэмыку Жаннэ сымэ я макъ щызэхэпхынущ.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.



Апрелым и 12

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.30 — документальнэ фильм. 8.40 — операр фIыуэ зылъагъуэхэм я телевизионнэ клуб. 9.50 — мультфильм. 10.25 — цIыхум и институт. 11.25 — сабийхэм хухаха сыхьэт. 12.25 — коллаж (реклама, информацэ, хъыбарегъащIэ). 12.30 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. 16.40 — концерт. 17.10 — «ЦIыхур. ЩIыр. Дунейр». 18.10 — мультфильмхэр. 18.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — «...Илъэс пщыкIухэм нэс ныбжьым нтхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 19.40 — «Плач волчицы». Телевизионнэ художественнэ фильм. Япэ серие. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — мыхъэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъ. 21.40 — «Плач волчицы». Телевизионнэ художественнэ фильм. Етlуанэ серие. 23.50—хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 00.05 — ВЛКСМ-м и XXI съездым и дневник.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15—щIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — общэ биологие. 11-нэ класс. 9.05, 10.05 — испаныбзэ. 10.35, 11.40 — музыкэ. 2-нэ класс. Симфоническэ оркестрым и Iэмэпсымэхэр. 10.55 — «ЩIэныгъэ хъыбархэр». 12.00 — документальнэ фильм. 12.40 — ритмическэ гимнастикэ. 13.10 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и магъэлъагъуэ дэлъ эпизодхэр. 13.30 — «Первые радости». Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Ебланэ, серие. 14.30 — «Уэ ущIэгъуамэ, илъэс...». 16.30—сабийхэм папщIэ фильм. «Магия черная и белая». 17.45 — компьютерым теухуауэ. 18.30 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — властыр — Советхэм. 19.30 — концерт. 19.40 — В. И. Ленинырэ къызэралъхуурэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Штрихи к портрету В. И. Ленина». Етlуанэ фильм. —«Полтора часа в кабинете Ленина». 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — коллаж (реклами, информацэ, хъыбарегъащIэ). 21.35 — мыхъэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъ. 21.45 — «Ар щыIащ... щыIащ...». 22.10 — «Iуэху еплъыкIэ». 23.55 — «Джэрпэджэж». 00.10 — — ВЛКСМ-м и XXI съездым и дневник.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— документальнэ фильм. 8.35, 9.35 — литературэ. 5-нэ класс. 9.05, 10.05 — англыбзэ. 10.35, 11.35 — литературэ. 6-нэ класс. 11.05 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 12.05 — концерт. 12.50 — документальнэ фильм. 13.35 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильмхэм я маIуэ сеанс. «Первые радости, Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Ебланэ, серие. 15.00 — бадминтон. 17.00 — Якутием къратыкI концерт. 20.00 — нэхъыбэ фIыкIэ, цIыкIухэ! 20.15 — хъыбарыщIэхэр. 21.00 — футбол. СССР-м и чемпионат. «Днепр» — «Динамо» (Киев). Етlуанэ лъэхъэнэ. 21.50 — «Спортыр — псоми папщIэ». 22.50 — «Джэрпэджэж». 23.00 — ВЛКСМ-м и XXI съездым и дневник.

хунтхъум.

ТхылъыщIэхэр

«НУР ХУАБЭ»

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ усакIуэ щIалэ Балэ Хьэрэт-Алий и «Нур хуабэ» тхылъыр. Абы щыгъуэзащ Балэм Хэкум, фIыпIэкIуныгъэм, ди лъэхъэнэгъухэм я Iуэхущапэхэм, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ - зэкъуэщыгъэм, пэгъуэщIхэми теухуа и усэхэр.

«Нур хуабэр» Балэ Хьэрэт-Алий и япэ тхылъщ. Ар екIуу итъэщIэрэщIащ художник Алибеков Н. А.

Зи гугъу тщIы усэ тхылъыщIэр мыгувэу тыкуэнхэм щIалъхьэнущ.

«ЛЪЭТЕУВЭ»

Ди щIэджыкIакIуэ цIыкIухэр иджыблагъэ итъэгуфIащ усакIуэ щIалэ ПхытIыкI Юрэ, Абы сабийхэм папщIэ къыдигъэкIащ «Лъэтеувэ» зыфIища усэ тхылъыр. Абы цIыкIухэм инри дихьэхын хуэдэу сурэт дахэ куэд ирищIыхьащ художник Рощак Е. Н.

«Лъэтеувэр» ПхытIыкIым и япэ тхылъщ.

АДЫГЭ РАССКАЗХЭР— УРЫСЫБЗЭКIЭ

«Подкова» — араш зэреджэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIа тхылъыщIэм. Абы щыIэзэуэхьэщи Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я рассказ нэхъыфIхэр.

Тхылъым ихуащ адыгэ тхакIуэхэу Къардэн Бубэ, ШодженцыкIэкIуэ Iэдэм, Шэджыхьэщ Хьамыщэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф, Мэзыхьэ Борис, КIэмит Мухьэ, Журт Биберд. Къагъырмэс Борис, Хьэх Сэфарбий сымэ я рассказхэр.

Тхылъыр мыгувэу тыкуэнхэм къыщIалъхьэнущ.

Каменномостыр — Къармэхьэблэр ныбжьыщхуэ къэзыгъэщIа адыгэ къуажэхэм ящыщщи. Мыр хабзэ хуэ зылъэ жылэжьщ. Ноби ди къуажэ дэсщ куэд зыщIэж нэхъыжьыфIхэр, гъащIэм гъуэгуанэфI щызэпызычэр. нэхъыщIэхэм я упщIэкIуэфIхэр. Апхуэдэхэщ Лыхь Хьэбас, Думэн Тlэиб, Хьэмыз Исмел, Багъ Хьэбас, Шэру Хьалий, нэгъуэщIхэри.

дэс нэхъыжь куэдым, егупсысащ абыхэм кIалэуэтэжахэм. Мариндэ адыгэ хабзэхэм, нэмысым ятеухуауэ сыт хуэдэ хэлъыр игъуэтми захъуэ хъуэфIхэр ди гъащIэм къыхэщIыкIа спектакль щIыкIур. Абы хъарзынэу щыдэгъуащ еджакIуэхэу Бышэн Ф., Багъ С., Кърымыкъуэ О. сымэ.

Абы къыкIэлъыкIуащ хабзэм, хэкум, анэм ятеухуа псалъэжьхэр, къуажэхъхэр, псынщIэрыпсалъэхэр. АбыхэмкIи, щауэм, нысащIэм зэрехъуэхъумкIи , нагъуэщIхэмкIи еджакIуэхэр зэпеуащ. А щIыкIухэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуащ пасэрей адыгэ шхыныгъуэхэр гъэхъэзырынми.

Пасэ зэманым зэрахьэу щыта хъэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр, хъэкъущыкъухэр къыхэщащ докладым. Ахэр псори нэрылъагъу хъуи папщIэ зэIущIэм выставкэ мыпи къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щагъэдэгъуащ пхъэ гуахъуэ, гъубжэ, бжьы, вабдзэ, пхъэшку, кубгъан, къуэщы, чий, шыуан, жэ тас, цы дэнэстэ, цыпх, бзэ-удэ, ценщэ пкъо, щэнджатэ, щIакIуэ, бащлыкъ, лъей, цей, гуэнщэрыкъ, къамэ, щIопщ, дыжьын бгырыпх, цIыхухъуэ. цIыхубз щыгъынхэр, Iэмэпсымэхэр.

ЗэIущIэм и кIэм ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIу къэпсалъащ зи ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэха Лыхь Хьэбас, зауэм хэтахэу Думэн Тlэиб, Шэру Хьэлий сымэ.

Сэ сызэреплъымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр дэнэ щIыпIи нэхъыбэрэ щегъэкIуэкIын хуейщ.

ПЩЫУНЭ Алэджыкъуэ.
Каменномост къуажэ.

ХАБЗЭМ ЩIАПIЫКI

Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэм я щапхъэхэм, адыгэ хабзэ хьэлэмэтхэм щIэлъыкIыным гулъытэщхуэ щыхуащI къуажэм дэт куэрыт еджапIэ №1-м. Абы и зы щапхъэфIу щытщ иджыблагъэ мыбы щекIуэкIа зэIущIэ гъэщIэгъуэныр. Ар екIуу зэгъэпэща хъуным елэлащ егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри. Псори нэхъ тэмэму гурыIуэгъуэ хъун папщIэ ар зэрекIуэкIа щIыкIэм щыгъуаза фыщIынщ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ еджапIэм и завуч Шэру Хьэбас. Абы жиIащ ар адыгэ хабзэхэр, нэмысыр хъумэным, абыхэм къытщIэхъуэ щIэблэр щIэпIыкIыным зэрытеухуар, апхуэдэ IуэхугъуэфIхэр ди гъащIэм къыхэхьэк зэрыхъуар зэхъуэкIыныгъэм зэриIэужкIыр.

ЕщIыкIуэнэ классым щIэс Сонэ Маринэ набдзэгубдзапIэу къIалъэпIэ адыгэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм, ерыщу нужь итщ абыхэм ятеухуа хъыбархэр зэхуэхъэсыжыным. Ар яIущIащ къуажэм лэлагъым, ахэр ноби къагъэсэбэпын зэрыхуейм. Псом хуэмыдэу Маринэ нэхъ зыубгъуауэ къытеувыIащ нэхъыжьхэм яхуэщIын хуей пщIэм, быным — адэ-анэм, нысэм — гуащэ-тхьамадэм хуащIын хуей нэмысым. Къызэхуэсахэм ягу ирихьащ еджакIуэ ныбжьыщIэм пщIа докладыр икIи абы фIыщIэ хуащIащ.

Докладым и ужькIэ утыкур еджакIуэ щIыкIэм яубыдащ. Ахэр къоджэ адыгэ хабзэхэм, нэмысым, лIыгъэм, хэкум, адэ-анэхэм ятеухуа уеэхэм. Школым и уэрэджыIакIуэ гупым егъэзащIэ «Адыгэ нэмыс», «Къэбэрдей», «Анэ», «Си нанэ», нэгъуэщI уэрэдхэри.

Дуней псом щыщыIэу къыщIэкIыныкъым адыгэ фащэм нэхъ дахэ. Ар екIупсу зыщыгъ щIыкIухэр утыку къохьэ. Абыхэм удихьэхыу ягъэзащIэ къафэ, ислъэмей, удж, нэгъуэщIхэри. Къызэхуэсахэр псом хуэмыдэу Iэгу хуеуащ етIуанэ классым щIэс щIыкIухэм ягъэзэщIа «ЛIыжь къафэм».

ЕджакIуэ щIыкIухэм я зэфIэкIыр къыщагъэлъэгъуащ еценэ искусствэми. Абыхэм IэкIуэлъакIуэу ягъэуващ Дудар Хьэутий и «Зарыщ Хужахэщ» пьесэм къытращIыкIа спектакль щIыкIур. Абы хъарзынэу щыдэгъуащ еджакIуэхэу Бышэн Ф., Багъ С., Кърымыкъуэ О. сымэ.

Абы къыкIэлъыкIуащ хабзэм, хэкум, анэм ятеухуа псалъэжьхэр, къуажэхъхэр, псынщIэрыпсалъэхэр. АбыхэмкIи, щауэм, нысащIэм зэрехъуэхъумкIи , нагъуэщIхэмкIи еджакIуэхэр зэпеуащ. А щIыкIухэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуащ пасэрей адыгэ шхыныгъуэхэр гъэхъэзырынми.

Пасэ зэманым зэрахьэу щыта хъэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр, хъэкъущыкъухэр къыхэщащ докладым. Ахэр псори нэрылъагъу хъуи папщIэ зэIущIэм выставкэ мыпи къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щагъэдэгъуащ пхъэ гуахъуэ, гъубжэ, бжьы, вабдзэ, пхъэшку, кубгъан, къуэщы, чий, шыуан, жэ тас, цы дэнэстэ, цыпх, бзэ-удэ, ценщэ пкъо, щэнджатэ, щIакIуэ, бащлыкъ, лъей, цей, гуэнщэрыкъ, къамэ, щIопщ, дыжьын бгырыпх, цIыхухъуэ. цIыхубз щыгъынхэр, Iэмэпсымэхэр.

ЗэIущIэм и кIэм ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIу къэпсалъащ зи ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэха Лыхь Хьэбас, зауэм хэтахэу Думэн Тlэиб, Шэру Хьэлий сымэ.

Сэ сызэреплъымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр дэнэ щIыпIи нэхъыбэрэ щегъэкIуэкIын хуейщ.

ПЩЫУНЭ Алэджыкъуэ.
Каменномост къуажэ.

СУРЭТЫМ: Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбэзр объединенэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ Мысостышхуэ Раметэщ. И ныбжьыкIэ щIалэмэ, Раметэ зэман кIэщIым кърихубыдэу пашэхэм ялъэщIыхьэн хуэзфIэкIащ. Абы къыщIигъэкI хьэпшыпхэм дагъуэ къыхуащIыркъым, къыпэщыт къалэнхэмк куэдкIэ щIрегъэгъу.

Тезыхар
ЩОМАХУЭ Владимирщ.

НЭХЪ ЛЪЭЩ МЭХЪУ

Бахъсэн дэт щызэIуащэ-трикотаж объединенэм Кремконстантиновкэ къуажэм щиIэ и цехым папщIэ унэщIэ нэгъабэ ящыIэ щIадзащ. Ар мазитI нэхъыбэ дэмыкIыу хъэзыр хъунущ. Абы и ужькIэ лъэщагъым хуэдитIкIэ хэхъуэнущ станокхэм я процент 30-р къызэрагъэщIэрэщIэжам и фIыгъэкIэ.

ЩIэуэ ящI цехым нэгъуэщI къэрал къраша оборудованэ щIагъэувэнущ, абы къыхэкIыу къыщIагъэкI продукцэр куэдкIэ ефIэкIуэнущ.

Зэкlэ цехыщIэр хъэзыр мыхъуами, жьым и планыр мазэ къэс егъэзащIэ.

Итlанэ лIот ныбжеclауэ щытар?! Умгу къэгъэкIыжыт. Сыт хуэдэ жэуапыт уэ езым сэ къызэптыжауэ щытарн! ПщIэжыркъэ? Уэ жыпIащ: «Сычемурэ зыгу из, кIуэн уцыфIэфI дыдэм тхьэусыхэ!». Къызжепlакъэ, зо, апхуэдэ дыдэу? Абы нэмыщIкIи уэ жыпIащ: «Дэ Сталиныжым балыхърэ хьэзабу ттригъэлъар а здэкIуам алыхым къыщыхуимыгъэгъу к I э!» ПщIэжрэ ахэр? Сыту щIэх пщыгъупщэжа хуэдэ?!

— Сэ апхуэдэ лъэпкъ жысlакъым, — и Iупэхэр пIэжьэжащ Лиуазэ. — Зэи жысlакъым апхуэдэ лъэпкъ икIи къызжепIэжакъым, пцIы къыстыболъхьэ ахъу.

Лиуазэ и фэр шэхуу пыкIат, и Iэпэ исыгъуэ цIыкIуэхэр-пыкIэзыкIырт. Офицер фокъур зэрылъэкIкIэ стIолым IэштIымкIэ зыкъишэщIри еуащ. И гъусэу стIолым пэрыс адреинтIыр къэскIат. Зыр къыщылъэтащ ухуеймэ, къащтэри. СтIолым теуа офицер фэкъур Лиуазэ къыбгъэдохьэ и нэщхъыр зэхэукIауэ. Хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIум и псэр хэкIат, къэшынащэри. И щхьэр унэзат, и нэхэм къыщхьэрипхъуат. Ныбжь фIыщIэу фIэкIа илъагъуртэкъым езым къыбгъэдыхьа офицерри, модэкIэ стIолым къыпэрынахэри.

Ину мэкIий хъийм икIа офицерыр аргуэру. Лиуазэ къоскIэ, Абы и нэпсыр уэсэпсым хуэдэу ткIуэпс къабзэ цIыкIухэу и бгъэм тещащэт. А дакъикъэм делэ хуэдэу къыфIэщIащ тхьэмыщкIэм. Ауэ псынщIэ дыдэуи зыкъищIэжащ. Ар къэхъуат ауэ щыт шэнтыр къипхъуатэу Чэбэхъан напэщIэкIащ Чэбэхъан абы. — Уэ апхуэдэу умышынэр, ухахуэр пэжмэ, а махуэм жыпIауэ щытахэр яжеIэжыф мыбыхэм. ЯжеIэжыф, зо!

— ЯжеclэжыркъэI? Пэжыр а сэ зэрыжысlэжым хуэдэущ. А зэрыжысlа дыдэм хуэдэущ зэрыщытар псори... фыхуеймэ, фыкъызэуи сывукI!

Махуэ псом и фэр ирахащ Лиуазэ тхьэмыщкIэм. Я нэщхъхэр къыхуэзахауклэу чэзууэ къыбгъэдыхьэрт лIы шынагъуэжьэхэр, нужькIэ ныбжь фIыщIэхэу зэхыхьажауэ IукIуэтыжырт. ИкIэм-икIэжым, а насыпыншэр ирахулIэри тхылъымпIэ гуэрым Iэ трырагъэдзащ. А тхылъымпIэм итт Лиуазэ зы щIыпIэ жыжьэ гуэрым ягъакIуэу. А щIыпIэм зыри хищIыкIыртэкъым хъыджэбз цIыкIум, и цIэр школым цызэхихауэ щыта хуэдэу къыфIащIыж къудей мыхъумэ. Ар здэщыIэпкIэ хъунури къыхуэгубзыгъэртэкъым.

Илъэсихкlэ щыIэн хуейт Лиуазэ а щIыпIэ угъурсызыжьым!

Зэзыдзэкlар
ХЬЭХ Сэфарбийщ.

НЫБЖЬ ФIЫЩIЭХЭР

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ напэм).

джэбэ тхьэмыщкIэм напэщагъэкIэ пцIы телылъхъэр езырауэ фIэкIа. ЖиIэжым зэриухыуи и щхьэр ирихьэхащ. Чэбэхъан абы жьэхэплъэрт нэщхъыцуэ.

— Сэ тэрмэщ лъэпкъ зыкIи сыхуейкъым, — къэпсалъащ урысыбзэ къабзэкIэ ар. Борис абы хуеплъэкIащ. Зэрыжаlэщи, анэ бгдзышэр иджыри зыIурымыгъуэхьа хъыджэбзыжь цIыкIум и жьэр блащхъуэжьейм хуэдэт, гъикIэ псыхьат.

— Сэ апхуэдэу жысlакъым, — ээхэпх къудейуэ къыдришеящ Лиуазэ. Чэбэхъан дежкIэ зигъазэри щIигъужащ: — Сыту уцIыху lей уэ... Сыт уэсщIауэ апхуэдизыщIыр къыщIыстеплъхьэр? Урокхэм дыщыIэсым сэ уэ сыныбдэпыкъуу зэрыщытар сыту умгу къэмыкIыжро, нэгъуэщI мыхъуми? Сыт сэ уэ екIэ си гур къызэIэнащ ар зэрызэхэса къудейр схуэмышэчуи, жызмыIэжыф-Iауэ зы тIэкIурэ сыщытащ, сыр... дапщэщ сэ апхуэдэу щыжысlар?!

— Зэт, зэт! Гъэбэяут иджы уэ, зэтепlат уи жьэр! — щIэкIиящ офицерыр абы, ручкэ иныгъыр и Iэпэ кIыхьэмкIэ игъэдэгъуурэ. — Уэ ущIэпсалъэххэр сыт? Дауэ плъэкIа дэ псори гуауэшхуэм дызэщIунубдауэ дышитхьэлэм, дуней псом щIыху хьэлэлу тетыр дыщыгуIэм укъытщыдыхъэшхыну?! Уи гъынэныр щыгъэти, жэуап къет а сэ сызэрыноупщIым!

— Сэ зыми сыщыдыхъэшхакъым, жысlакъым сэ апхуэдэу.

— ЖыпIащ, тхьэ! — къэкIиящ Чэбэхъан и макъым къызэрихькIэ. — Ауэ сытми жыпIа! Умгу къэгъэкIыжыт сэ абы щыгъуэ апхуэдэ псалъэ дыджыныхэр уи жьэм къызэрыжьэдэкIам, псоми фIыуэ тлъагъу ди вождь лъапIэм зэрупэсам щхьэкIэ бжеclауэ щытар. КъэчэкIыжыт, зо!.. Япэ щIыкIэ си гур къызэфIэнащ ар зэрызэхэса къудейр схуэмышэчуи, жызмыIэжыф-Iауэ зы тIэкIурэ сыщытащ, ИтIанэ лIот ныбжеclауэ щытар?! Умгу къэгъэкIыжыт. Сыт хуэдэ жэуапыт уэ езым сэ къызэптыжауэ щытарн! ПщIэжыркъэ? Уэ жыпIащ: «Сычемурэ зыгу из, кIуэн уцыфIэфI дыдэм тхьэусыхэ!». Къызжепlакъэ, зо, апхуэдэ дыдэу? Абы нэмыщIкIи уэ жыпIащ: «Дэ Сталиныжым балыхърэ хьэзабу ттригъэлъар а здэкIуам алыхым къыщыхуимыгъэгъу к I э!» ПщIэжрэ ахэр? Сыту щIэх пщыгъупщэжа хуэдэ?!

— Сэ апхуэдэ лъэпкъ жысlакъым, — и Iупэхэр пIэжьэжащ Лиуазэ. — Зэи жысlакъым апхуэдэ лъэпкъ икIи къызжепIэжакъым, пцIы къыстыболъхьэ ахъу.

Лиуазэ и фэр шэхуу пыкIат, и Iэпэ исыгъуэ цIыкIуэхэр-пыкIэзыкIырт. Офицер фокъур зэрылъэкIкIэ стIолым IэштIымкIэ зыкъишэщIри еуащ. И гъусэу стIолым пэрыс адреинтIыр къэскIат. Зыр къыщылъэтащ ухуеймэ, къащтэри. СтIолым теуа офицер фэкъур Лиуазэ къыбгъэдохьэ и нэщхъыр зэхэукIауэ. Хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIум и псэр хэкIат, къэшынащэри. И щхьэр унэзат, и нэхэм къыщхьэрипхъуат. Ныбжь фIыщIэу фIэкIа илъагъуртэкъым езым къыбгъэдыхьа офицерри, модэкIэ стIолым къыпэрынахэри.

Ину мэкIий хъийм икIа офицерыр аргуэру. Лиуазэ къоскIэ, Абы и нэпсыр уэсэпсым хуэдэу ткIуэпс къабзэ цIыкIухэу и бгъэм тещащэт. А дакъикъэм делэ хуэдэу къыфIэщIащ тхьэмыщкIэм. Ауэ псынщIэ дыдэуи зыкъищIэжащ. Ар къэхъуат ауэ щыт шэнтыр къипхъуатэу Чэбэхъан напэщIэкIащ Чэбэхъан абы. — Уэ апхуэдэу умышынэр, ухахуэр пэжмэ, а махуэм жыпIауэ щытахэр яжеIэжыф мыбыхэм. ЯжеIэжыф, зо!

— ЯжеclэжыркъэI? Пэжыр а сэ зэрыжысlэжым хуэдэущ. А зэрыжысlа дыдэм хуэдэущ зэрыщытар псори... фыхуеймэ, фыкъызэуи сывукI!

Махуэ псом и фэр ирахащ Лиуазэ тхьэмыщкIэм. Я нэщхъхэр къыхуэзахауклэу чэзууэ къыбгъэдыхьэрт лIы шынагъуэжьэхэр, нужькIэ ныбжь фIыщIэхэу зэхыхьажауэ IукIуэтыжырт. ИкIэм-икIэжым, а насыпыншэр ирахулIэри тхылъымпIэ гуэрым Iэ трырагъэдзащ. А тхылъымпIэм итт Лиуазэ зы щIыпIэ жыжьэ гуэрым ягъакIуэу. А щIыпIэм зыри хищIыкIыртэкъым хъыджэбз цIыкIум, и цIэр школым щызэхихауэ щыта хуэдэу къыфIащIыж къудей мыхъумэ. Ар здэщыIэпкIэ хъунури къыхуэгубзыгъэртэкъым.

Илъэсихкlэ щыIэн хуейт Лиуазэ а щIыпIэ угъурсызыжьым!

Зэзыдзэкlар
ХЬЭХ Сэфарбийщ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щIыIэ уэрам, 5, епIэнэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым — 2-21-64,
приемнэм — 2-22-89,
редакторым и заместителхэм — 2-21-86, — 2-22-84,
ответственнэ секретарым — 2-22-82,
секретариатым — 2-21-88, — 2-85-49,

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкIэ — 2-22-66, — 2-22-80,
идеологнемкIэ — 2-22-85, — 2-60-53,
экономикэмцIэ — 2-57-58, — 2-22-86,
хъыбарыщIэхэмкIэ — 2-63-64,
письмохэмкIэ — 2-66-31,
здэзекIакIуэхэм — 2-85-36,
спортхэм — 2-85-78,
корректорхэм — 2-60-27,
газет цехым — 2-35-60.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00591

Заказ № 3251

Р

Апрелым и 12

7.30—7.35 — газетхэм ятхэхэр. 7.45—8.00 — «ЩIым хуэсакъын хуейщ. 18.15—18.45 — «Си Хэкум теухуа уэрэд», Балэ М. и ораторие.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— документальнэ фильм. 8.35, 9.35 — литературэ. 5-нэ класс. 9.05, 10.05 — англыбзэ. 10.35, 11.35 — литературэ. 6-нэ класс. 11.05 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 12.05 — концерт. 12.50 — документальнэ фильм. 13.35 — етlуанэу ягъэлъагъуэ фильмхэм я махуэ сеанс. «Первые радости». Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Ебланэ серие. 15.00 — бадминтон. 17.00 — Якутием къратыкI концерт. 20.00 — нэхъыбэфI фыкъикI, цIыкIухэ! 20.15 — хъыбарыщIэхэр. 21.00 — футбол. СССР-м и чемпионат. «Днепр» — «Динамо» (Киев). Етlуанэ лъэхъэнэ. 21.50 — «Спортыр псоми папщIэ». 22.05 — Н. В. Гоголь и произведенэм къытращIыкIа фильм. «Вий». 23.20 — бадминтон.

ЩIыпIэ программэ. 17.15 — «Вагъуэбзэ». Сабийхэм папщIэ телевизионнэ журнал (адыгэбзэкIэ). 17.45 — телефильм. 18.20 — «Элькора» и нобэрей махуэр». 18.45 — «Дунейр тхьэмахуэ зэхуакум» (балъкъэрыбзэкIэ). 18.55 — «Гъатхэ». Литературно-музыкальнэ композиц. 19.25 — «Удэзыхьэх лэжьыгъэ». Документальнэ фильм. 19.35 — «Республикэм и махуэ».

Апрелым и 13

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — «Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— щIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — общэ биологие. 11-нэ класс. 9.05, 10.05 — испаныбзэ. 10.35, 11.40 — музыкэ. 2-нэ класс. Симфоническэ оркестрым и Iэмэпсымэхэр. 10.55 — «ЩIэныгъэ хъыбархэр». 12.00 — документальнэ фильм. 12.40 — ритмическэ гимнастикэ. 13.10 — етlуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Первые радости». Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Еханэ серие. 14.30 — бадминтон. 20.00 — нэхъыбэфI фыкъикI, цIыкIухэ! 20.15 — хъыбарыщIэхэр. 21.00 — документальнэ фильм. 21.30 — гъатхэ. 23.00 — бадминтон.

ЩIыпIэ программэ. 17.00 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Будаев А. (балъкъэрыбзэкIэ). 17.20 — мультипликационнэ фильм. 17.35 — «Си лэжьыгъэр фIыуэ солъагъуэ». Педучилищэм и егъэджакIуэ Чэрты Ш. теухуа телеочерк (адыгэбзэкIэ). 17.55 — «ЩIым хуэпэжу». Аруан районым Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым къратыкI (адыгэбзэкIэ). 18.45 — документальнэ фильм. 18.55 — телевизионнэ урок. Балъкъэрыбзэ. Апрелым и 10-м къатам къытрагъэзэж. 19.15 — телевизионнэ фильм. 19.25 — «Республикэм и махуэ». 19.45 — «Нэрылъагъу нахуапIэ».

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— щIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — общэ биологие. 11-нэ класс. 9.05, 10.05 — испаныбзэ. 10.35, 11.40 — музыкэ. 2-нэ класс. Симфоническэ оркестрым и Iэмэпсымэхэр. 10.55 — «ЩIэныгъэ хъыбархэр». 12.00 — документальнэ фильм. 12.40 — ритмическэ гимнастикэ. 13.10 — етlуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Первые радости». Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Еханэ серие. 14.30 — бадминтон. 20.00 — нэхъыбэфI фыкъикI, цIыкIухэ! 20.15 — хъыбарыщIэхэр. 21.00 — документальнэ фильм. 21.30 — гъатхэ. 23.00 — бадминтон.

ЩIыпIэ программэ. 17.00 — Текlуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Будаев А. (балъкъэрыбзэкIэ). 17.20 — мультипликационнэ фильм. 17.35 — «Си лэжьыгъэр фIыуэ солъагъуэ». Педучилищэм и егъэджакIуэ Чэрты Ш. теухуа телеочерк (адыгэбзэкIэ). 17.55 — «ЩIым хуэпэжу». Аруан районым Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым къратыкI (адыгэбзэкIэ). 18.45 — документальнэ фильм. 18.55 — телевизионнэ урок. Балъкъэрыбзэ. Апрелым и 10-м къатам къытрагъэзэж. 19.15 — телевизионнэ фильм. 19.25 — «Республикэм и махуэ». 19.45 — «Нэрылъагъу нахуапIэ».